# Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси искерлигиниң ҳуқықый тийкарлары жетилистирилмекте

Image not found or type unknown

Ҳәр қандай мәмлекетлик уйым, сол қатары **Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси де өз искерлигинде ҳуқықый тийкарларға сүйенеди**. Себеби, Конституцияның 15-статясына муўапық, мәмлекет, оның уйымлары, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелер, пуқаралар Конституцияға ҳәм нызамларға муўапық ҳәрекет етеди.

Айтып өтиў орынлы, **“Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында”ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 2-статясында** Министрлер Кеңеси ҳаққындағы нызамшылық Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, усы Нызам ҳәм басқа нызамшылық актлеринен ибарат екенлиги көрсетилген. Усы нызамшылық ҳүжжетлери ишинде **Министрлер Кеңесиниң 2020-жыл 8-июлдеги 193-санлы қарары менен тастыйықланған Министрлер Кеңесиниң Регламенти** үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады.

Себеби, Регламент Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 86-статясына ҳәм “Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында”ғы Нызамға, соның менен бирге, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң “Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң Регламентин тастыйықлаў ҳаққында”ғы 2019-жыл 22-марттағы 242-сан қарарына муўапық **Министрлер Кеңеси ўәкилликлерин әмелге асырыў бойынша оның искерлигин шөлкемлестириў тәртибин** белгилейди.

Сонлықтан, ҳәм сондай-ақ, Өзбекстан Республикасында әмелге асырылып атырған ашықлық сиясатының нәтийжеси ретинде Министрлер Кеңесиниң Регламенти норматив характерде ҳәммениң танысыўы ушын рәсмий дереклерде, атап айтқанда, **“Қарақалпақстан таңы” газетасының 2020-жыл 10-июлъ күнги 27-28-санында ҳәм Өзбекстан Республикасы нызамшылық мағлыўматлары миллий базасында** (https://lex.uz/pdfs/4919834) жәрияланған.

Әйне ўақытта Министрлер Кеңесиниң Регламентине тийисли **өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиўге зәрүрлик туўылмақта**.

Атап айтқанда, **Министрлер Кеңеси Регламентин қабыл етиўге тийкар болған нызамшылық ҳүжжетлерине бүгинги күнде тийисли өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилген**. Мәселен, “Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында”ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы 19.03.2022-жылда 199/XXVI-санлы Нызам менен жаңа редакцияда қабыл етилген болса, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 22-марттағы 242-санлы қарары менен тастыйықланған Министрлер Кабинетиниң Регламентине Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 12-августтағы 484-санлы, 2021-жыл 16-августтағы 524-санлы, 2021-жыл 27-декабрдеги 774-санлы қарарлары тийкарында тийисли өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилген. Соның менен бирге, “Мәмлекетлик сатып алыўлар ҳаққында”ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы 22.04.2021-жылда ӨРҚ-684-санлы Нызам менен жаңа редакцияда қабылланды.

Усының менен бирге, **Өзбекстан Республикасында атқарыўшы ҳәкимият уйымлары тәрепинен пуқаралар ҳәм исбилерменлик искерлигине тийисли қарарлар қабыл етиў процесиниң ашықлығын тәмийинлеў, атап айтқанда бул тараўға информацион-коммуникация технологияларын енгизиўге қаратылған реформалар өткерилмекте**.

Атап айтқанда, Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 14-апрелдеги 218-санлы қарары менен тастыйықланған “Е-қарар” электрон системасын жаратыў ҳәм еңгизиў бойынша әмелий ис-илажлар режесине муўапық, 2021-жыл 1-июлден Министрлер Кеңесиниң қарарлары ҳәм бийликлери, сондай-ақ, хызмет бабында пайдаланыў ушын қарарлары ҳәм бийликлерин ислеп шығыў, келисиў, қабыл етиў (ислеп шығыў), дизимге алыў ҳәм жәриялаў “Е-қарар” электрон системасы арқалы әмелге асырылмақта.

Буннан тысқары, **бүгинги күнде мәмлекетимизде атқарыўшы ҳәкимият системасында нызамшылық ҳүжжетлери орынланыўын нәтийжели шөлкемлестириў бойынша қатар институционал реформалар да әмелге асырылып атыр**. Мәселен, Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 31-марттағы

“Өзбекстан Республикасы Ҳүкимети системасындағы мәмлекет басқарыўы уйымлары, хожалық бирлеспелери ҳәм басқа шөлкемлердиң атқарыў интизамына жуўапкер структуралық бөлимлери басшыларын лаўазымларға тайынлаў ҳәм олардың искерлигин тәртипке салыў ис-илажлары ҳаққында”ғы 171-санлы қарарына муўапық Министрлер Кеңесиниң Шөлкемлестириў-қадағалаў топары реформаланып, Атқарыў интизамын қадағалаў бөлими шөлкемлестирилди.

Солай етип, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының нызамшылық ҳүжжетлерине киритилип атырған өзгерис ҳәм қосымшалар, соның менен бирге тараўда әмелге асырылып атырған реформалардан келип шығып, Министрлер Кеңесиниң Юридикалық хызмети тәрепинен **“Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Регламентине өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында”ғы Министрлер Кеңесиниң қарар жойбары ислеп шығылды**.

Өз гезегинде, қарар жойбары нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер жойбарлары талқылаўы порталына жәмийетшилик додалаўы өткерилиўи ушын жайластырылды.

Сол себепли, **нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер жойбарлары талқылаўы порталы** (https://regulation.gov.uz/uz/d/65949) арқалы жойбар бойынша жәмийетшилик додалаўында мәмлекетимиздиң ҳәр бир пуқарасы өзиниң пикир ҳәм усынислары менен қатнасыўы мүмкин.

*Усы орында айтып өтиў керек, жойбар бойынша жәмийетлик додалаўдың жуўмақланыў сәнеси 24.08.2022-жыл етип белгиленген.*

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң**

**Юридикалық хызмети бас юрисконсульти А. Иматов**